BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran hasil analisis kamampuh ngawih Sunda klasik jeung pop kalayan ngagunakeun modél *Explicit Intruction* siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 ieu di handap.

1) Kamampuh ngawih Sunda klasik jeung pop bisa ngaronjat maké modél pangajaran *Explicit Intruction*, anu ngajén 2 aspék nya éta éksprési jeung téknik vokal dina kaparigelan ngawih, luyu jeung pamadegan Shoimin (2014, kc.77) anu nétélakeun yén modél pangajaran *Explicit Intruction* nya éta cara anu épéktif pikeun ngajarkeun konsép sarta ngajarkeun pangaweruh paktual jeung kaparigelan
2) Kamampuh ngawih Sunda sacara umum siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 samémèh ngagunakeun modél *Explicit Intruction* téh dianggap can mampuh kalayan hasil rata-rata data samémèh nya éta 30,14 éta hal katitén tina 34 siswa, aya anu kaasup katégori can mampuh. Kamampuh ngawih Sunda klasik jeung pop siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction* dianggap geus mampu kalayan hasil rata-rata 75,88, hartina siswa geus mampu ngawih, katitén tina 34 siswa, ngan aya 2 siswa anu katégori can mampuh, sedengkeun 32 siswa kaasup katégori mampuh.

   Kamampuh ngawih Sunda klasik samémèh ngagunakeun modél *Explicit Intruction* nyaéta tina aspék éksprési hasil rata-ratana 1,6 ningkat jadi 3,8. Tina aspék tehnik vokal hasil rata-ratana 0,8 jadi 2,6.

   Kamampuh ngawih Sunda pop samémèh ngagunakeun modél *Explicit Inruction* nya éta tina aspék éksprési hasil rata-ratana 2,6 jadi 4,5, tuluy tina aspék téhnik vokal hasil rata-ratana 1,3 jadi 4,0. Kamampuh ngawih Sunda Pop leuwih unggul dibandingkeun kamampuh ngawih klasik.

3) Aya ningkatna antara kamampuh ngawih sunda klasik jeung pop siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 samémeh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*. Éta hal katitén tina ngaronjatna hasil data samémeh 30,14 kana data sabada 75,88. Sabada dilarapkeunna modél *Explicit Intruction* dina pangajaran kawih. Hartina, gedé pangaruhna modél pangajaran *Explicit Intruction* dina ngaronjatkeun kamampuh ngawih nya éta 45,74. Luyu jeung pamadegan shoimin yén " modél *Explicit Intruction* mangrupa cara anu éféktif pikeun ngajarkeun konsép jeung kaparigelan-kaparigelan anu eksplisit ka siswa".
4) Bédana uji hipotésis nuduhkeun yén $t_{itung} > t_{tabél}$ atawa 19,850> 1,119. Hartina hiotésis ditarima. Tina hasil panalungtikan, bisa dicindekeun yén aya béda anu signifikan kamampuh nulis ngawih siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 antara samémeh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*.

5.2 Implikasi

Dilarapkeun modél *Explicit Intruction* dina ngawih siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019. Léngkah-léngkahna nya éta, Nepikeun kompetensi/tujuan pangajaran jeung nyiapkeun siswa, ngadémonstrasikeun pangaweruh jeung kaparigelan, ngaping latihan siswa, mariksa pamahaman siswa jeung méré umpan balik, méré kasempetan ka siswa pikeun latihan deui, kasimpulan. Shoimin (2014, kc.77). Ngahasilkeun sawatara implikasi saperti ieu dihandap.

1) Larapna modél pangajaran *Explicit Intruction* téh meunang sawangan anu positif boh ti siswa, boh ti guruna. Éta hal téh alatan dina prak-prakanna siswa kalayan aktif bisa nganalisis konsép ngawih sacara individu.
2) Disadiakeun rupa-rupa kawih dina ieu modél, jadi salah sahiji tarékah sangkan siswa bisa mekarkeun sarta numuwuhkeun ékspresi jeung téknik vokal dumasar kawih nu dipidangkeun
3) Siswa leuwih maham kumaha ngawih anu hadé kalayan ngagunakeun aspék ékspresi jeung téhnik vokal anu bener.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan modél *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngawih siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019, dijéntrékeun sababaraha saran anu kaunggel ieu di handap.

1) Modél pangajaran *Explicit Intructioni* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh ngawih siswa. Ku kituna, ieu hal téh nuduhkeun yén modél ieu bisa digunakeun ku guru dina prosés pangajaran, hususna dina pangajaran kawih umumna dina pangajaran nu séjénna.
2) Dina ieu panalungtikan sarta sababaraha panalungtik saméméhna modél pangajaran *Explicit Intructioni* téh loba dipaké pangajaran anu sipatna unjuk kerja. Kahareupna, sangkan bisa ngeuyeuban pangajaran basa Sunda, ieu modél téh bisa di larapkeun dina kaparigelan anu séjéna.